Europe-Eurasia

Special Olympics
Karakalpakistan

Providing individuals with intellectual disabilities opportunities for personal growth and community integration through sports.

№ 25   21-апрель, 2021 ж.

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
Р.Реймовқа

«Өзбекстан Арнаўлы Олимпиадасы» спорт жәмийетлик бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы бөлими елимиздеги айрықша итибарға мүтәж балаларды ҳәм үлкенлерди ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлап, олардың өзи қатарлы дени саў инсанлар менен тендей жәмийетимизге араласып жүриўлери ушын спорт жарыслары, руўхый ҳәм мәдений дем алысын шөлкемлестириў ҳәм басқада иләжларды әмелге асырып келмекте.

Усы жылдың 24-апрель күни саат 10.00 де ҳәр жылы дәстүрге айланып өткерилип киятырған «Қарақалпақстанда футбол ҳәптелиги» бағдарламасы тийкарында «Биз биргемиз» ураны астында имканияты шекленген балалар ҳәм үлкенлер арасында спорттың мини-футбол, стол тенниси, бадминтон, ритмик гимнастика ҳәм шашка түрлери бойынша спорт жарыслары, сондай-ақ, имканияты шекленген инсанлардың өзлеринин атқарыўында қайыр-сақаўат концерт бағдарламасын өткериў жобаластырылған.

Сизден усы жоқарыда көрсетилген иләжды қоллап-қуўатлап, жарыс қатнасыўшылары болған 10-санлы көзи әззи ҳәм шала көриўши мектеп-интернатынан 30 тәрбияланыўшы балаларды ҳәм 30-бала үй шараятында тәрбияланып атырған балалардың қатнасыўын тәмийинлеўде, сондай-ақ, женимпазларды сыйлықлаў ушын саўғалар менен тәмийинлеўге әмелий жәрдем бериўиңизди сораймыз.

Бул өмирине қуўаныш бағышлап атырған балалар күлкисинен артық саўап жоқдур. Бул қайырлы ислерди алып барыўда қосқан үлесиңиз ушын алдын ала өз миннетдаршылығымызды билдиремиз!

Ҳүрмет пенен,

«Өзбекстан Арнаўлы Олимпиадасы»
жәмийетлик бирлеспеси
Қарақалпақстан Республикасы
бөлими баслығы :                Турсымуратова Г.У

SPECIAL OLUMPICS KARAKALPAKSTAN * OFFICE , I.KARIMOB 104. c..NUKUS

TEL/FAX, сот.+ 998907354768 e-mail: sportolympicskk@ bk.ru www. sokk.uz

Created by the Joseph P. Kennedy Jr. Foundation for the Benefit of Citizens with Intellectual Disabilities.